



# The Commonwealth of Massachusetts

## DEPARTMENT OF PUBLIC UTILITIES DEPATMAN SÈVIS PIBLIK (D.P.U.)

### AVI ANKÈT AK DEMANN KÒMANTÈ

D.P.U. 24-15

4 janvye 2024

Avi Ankèt Depatman Sèvis Piblik la nan pwòp inisyativ li sou chay enèji kote l ap mete aksan sou enèji abòdab pou kontribiyab nan rezidans yo.

Nan dat 4 janvye 2024, Depatman Sèvis Piblik la te pibliye yon òdonans pou ouvri yon ankèt pou egzamine chay enèji kote l ap mete aksan sou enèji abòdab pou kontribiyab nan rezidans yo. Depatman an te detèmine ke pwosedi sa a pral pèmèt Depatman an konsidere amelyorasyon nan pwogram yo ofri kounye a pou abòde enèji abòdab, pou asire patisipasyon maksimòm nan chak nan pwogram sa yo, epi pou detèmine si pwogram adisyonèl yo ka benefisyé plis kontribiyab nan rezidans yo nan konpayi elektrisite ak distribisyon gaz Commonwealth la. Depatman an ap chèche kontribisyon nan men pati ki konsène yo, ki gen ladan manm piblik la, defansè yo, ak antite Depatman an reglemente sou pwoblèm sa yo. Depatman an te enskri ankèt la tankou D.P.U. 24-15.

Depatman an envite tout moun ki enterese pou yo soumèt kòmantè alekri sou zafè sa a -- sa enkli kòmantè sou kesyon ki nan Òdonans lan -- pa pita pase lè fèmti biznis (5:00 p.m.) nan **vandredi 1ye mas 2024**. Depatman an ankouraje moun ki enterese yo prezante pozisyon konsansis yo epi soumèt kòmantè ansanm, lè sa posib. Depatman an ap detèmine pwochen etap ki awopriye pou pwosedi sa a apre li fin revize premye kòmantè yo.

Nou dwe voye tout kòmantè yo bay Depatman an nan **fòma .pdf** atravè imèl pou [dpu.efiling@mass.gov](mailto:dpu.efiling@mass.gov) ak [laurie.e.weisman@mass.gov](mailto:laurie.e.weisman@mass.gov). Tèks nan imèl la dwe presize:  
(1) nimewo dosye pwosedi (D.P.U. 24-15); (2) non moun oswa antite ki soumèt depo a; epi (3) endike dokiman an se yon kòmantè ekri. Depo elektwonik la ta dwe gen ladan tou non, tit, ak nimewo telefòn yon moun pou nou kontakte si ta gen kesyon sou depo a.

Tout dokiman nou soumèt sou fòma elektwonik pral afiche sou sitwèb Depatman an atravè Espas Fichye (File Room) sou entènèt nou an osito sa posib (antre “24-15”) nan: <https://eeaonline.eea.state.ma.us/DPU/Fileroom/dockets/bynumber>. Tanpri sonje ke nan enterè transparans, nenpòt kòmantè pral afiche sou sit entènèt nou an jan nou resevwa yo epi san nou pa mete enfòmasyon pèsonèl, tankou adrès, nimewo telefòn oswa adrès imèl. Konsa, panse ak kantite enfòmasyon ou vle pataje lè w ap soumèt kòmantè yo. Depatman an ankouraje anpil pou voye kòmantè piblik yo pa imèl. Si, sepandan, yon manm piblik la pa kapab voye kòmantè alekri pa imèl, li ka voye yon kopi sou papye bay Mark D. Marini, Secretary, Department of Public Utilities, One South Station, Boston, Massachusetts, 02110.

Ödonans lan ak tout dokiman annapre yo ki gen rapò ke yo soumèt bay Depatman an oswa ke Depatman an pibliye yo ap disponib sou sitwèb Depatman an jan yo endike anwo a osito sa posib. Nan limit yon moun oswa yon antite vle soumèt kòmantè dapre Avi sa a, sa vle di soumèt li yon fason elektwonik, jan yo detaye pi wo a, ase. Pou mande materyèl yo nan fòma ki aksesib pou moun ki gen andikap (Bray, gwo karaktè, fichye elektwonik, fòma odyo), kontakte kowòdonatè ADA Depatman an nan [Gabriella.Knight@mass.gov](mailto:Gabriella.Knight@mass.gov).

Pou plis enfòmasyon konsènan Avi sa a, kontakte Laurie Ellen Weisman, Ofisyè Odyans, Depatman Sèvis Piblik, nan [laurie.e.weisman@mass.gov](mailto:laurie.e.weisman@mass.gov).

This document contains important information. Please have it translated immediately.	Questo documento contiene informazioni importanti. La preghiamo di tradurlo immediatamente.	ເອກະສານສະບັບນີ້ ບັນຈຸຂໍ້ມູນອັນສຳຄັນ. ກະລຸນາເລີດເອກະສານສະບັບນີ້ໄປແປອອກ ຢ່າງບໍ່ລື້ອ້າ.
V в данном документе содержится важная информация. Вам необходимо срочно сделать перевод документа.	Este documento contém informações importantes. Por favor, traduzi-lo imediatamente.	ນະກໜາວເຊະມາຮຽວຕືມາຮັ້ນເສົ່າຂາສ່ ພ ຜູ້ມະບກໃໝ່ປະກິພາບຫຼາສ່ ພ
Este documento contiene información importante. Por favor, consiga una traducción inmediatamente.	此文件含有重要信息。 請立即找人翻譯。	Ce document contient des informations importantes. Veuillez le faire traduire au plus tôt.
تحتوي هذه الوثيقة على معلومات هامة. يرجى ترجمتها فوراً.	본 문서에는 중요한 정보가 포함되어 있습니다. 본 문서를 즉시 번역하도록 하십시오.	
Docikman sa gen enfòmasyon enpòtan. Tanpri fè yon moun tradwi l touswit.	Tài liệu này có chứa thông tin quan trọng. Vui lòng dịch tài liệu này ngay.	